


KUBUDA KWEZUVA PAESTA

 . . .mumisodzi, ndokuuya nemufaro. Ameni. Oo, nokuti Ndinorarama nemiwo muchararamawo zvekare. Oo ini zvangu, kana vatsvene veTestamende Yekare vaigona kufunga izvozvo, chii chatinofanira kufunga mangwanani ano, mushure memazana gumi nemapfumbamwe emakore ekuona kutambudzika nekushingaira nezvimwe zvakadaro; tichiziva kuti tave pamusuwo wepamberi werumuko. Ameni. Chechi yafamba kusvika panguva zvino apo rumuko runogona kuuya chero nguva. Uye ndiri kufunga kuti zvicharevei kwatiri pazuva iroro, vatendi, zvicharevei pazuva iroro.

² Ndinogona kuona pamangwanani iwayo apo Marita naMaria vakaenda kuguva. Vakanga vachiuya nemujinga mechikomo mushure mehusiku . . .Funga nezvemoyo unonzwisa urombo waamai ivavo. Mucheche wake nzira yese, paakanga ari . . .paAkazvarwa, vakati aiva Mwana weupombwe, kuti zvamazvirokwazvo Akanga asiri waJosefa, uye—uye Aiva, kana kuti, Aiva waJosefa, uye vakanga vari . . .Mwana wacho akazvarwa vasati vachata. Aive ava nazvo zvese izvozvo zvekupfuura nemazviri, uye, zvese, “chinhu chiripo pamusoro pemwana wako,” uye kuti Akarambwa sei, nokuzvidzwa, nokupfirwa mate, asi zvakadaro Akazvitura. Zvino iye, neimwe nzira, nemoyo wake waidedera, akati, “Mwari vakandiunzira Mwana iyeye, zvingava sei?” AchiMuona uko munguva iyoyo huru yakaomarara.

³ Akafunga kuti zvirokwazvo, pavakaenda kunomupfekedza korona yeminzwa pamusoro waKe, ndokuMurova kusvikira Ropa raoneka nekumusana kaKe, vakaMuisa mavanga kukwira nekudzika nezvinhu zvose izvi; akafunga kuti chokwadika chero nguva Achakanda muchinjikwa uyo pasi zvino otendeuka, orovera tsoka yaKe pasi (nyika ichadengenyeke kubva kune rumwe rutivi ichienda kune rumwe) uye ozivisa kuti Iye Aive ani. Asi Aive afa kumusoro uko, semuiti wezvakaipa anosiririsa, akundwa akaremba pamuchinjikwa.

⁴ Akanga afa mukunyadziswa. Munoono mufananidzo chaizvoizvo aine kachira kakaMufukidza, izvozvo zvaive zvisiri izvo. Vakamukumura hanzu dzose kubva paAri, kungoitira . . . uye vakaMunyadzisa kunyika uye nezvose zvavaigona, uye vakaMurovera pamuchinjikwa.

Zvino ipapo Aiita seakamira asina chaanogona kuita. Akamira, nyika yaisaMuda, Denga haraigona kuMutambira, Akanga ari mutadzi. Oo ini zvangu! Dai waizongoziva, chingofunga, nyika yakanga isingadi Musiki wayo. Denga harina kukwanisa kuMugamuchira nekuti Aive nechivi cheniyika paAri.

Vakanga vasina kana nzvimbo...ungataura nezvenzvimbo yepekuzvarirwa, Akanga asina nzvimbo yokufira. Ndizvozvo chaizvo. Nyika yaisaMuda. Vakaramba, vakati, “Kure nemunhu akadaro.” Denga harina kukwanisa kuMugamuchira nekuti Akange atove, Aive mutadzi.

⁵ Oo, Muponesi waka—wakadii! Kuuya achibva muKubwinya uye ndokuva izvozvo kuitira ini. Akanyatsorambwa nevaKe pachaKe, zvokuti, “Akauya kune vaKe pachaKe, vaKe pachaKe havana kuMugamuchira.” Iye, aive asina nzvimbo yokuberekerwa, asina nzvimbo yokufira. Ko nyika yaidei naYe? Chii chavaigona kuita kunze kwekuMukandira mugehena.

Asi pakanga pane mumwe Munhu AiMuda. “Handizosiyi mweya waKe mugehena, kana iNi kuMutendera kuti aone kuora.” Asi VakaMumutsa kubva muguva, uye Akabuda mangwanani eEsta, akunda. Hareruya! Akadimbura zvisungiso zvese pamwe nekutya kwese nezvose, akamuka zvakare uye amire ari mupenyu nhasi, nekusingaperi.

⁶ Hupo Hwake huri pano, Ari panzvimbo ino mangwanani ano ekunamata. Anosangana kwose-kwose kwakaungana vaviri kana vatatu pamwe chete. Munoziva kuti ndine moyo unofara kwazvo, kuziva kuti idzo vimbiso dzacho dzaAkaita muBhaibheri, “Zvinhu zvaNdinoita, nemiwo muchazviita. Ndichava nemi kusvikira kumagumo enyika.” Vanhu varombo, vakarambwa, vanozvidzwa venyika ino vachiri kugona kuva neHupo hwaVo pamwe nesu. Ane masimba ose, ari kwese-kwese nguva dzose, ari pose, ane simba rose, kwese-kwese panguva dzose. Kutu Akaita sei nzira yokupukunyuka nayo, munguva imwe neimwe yedambudziko. “Ndiri Mubatsiri anenge aripo munguva yokutambudzika,” Akadaro.

⁷ Zvino, mangwanani ano Anorarama. Ari pamwe nesu nhasi. Tinogona kunge tingori chechi duku nhasi, tinogona kungove tiri tabhenakeri diki, yekare, yakanamirwa mapuranga pano, isinganyatsotaridziki kwazvo; asi hapana nzvimbo yakanyanyisa kuninipa, asi Anotouya kwairi. Iye mupenyu nhasi pakati pevapenyu. Haana kufa, asi Mupenyu. Uye Anogara pakati pevapenyu.

⁸ Shamwari mutadzi, nhasi, kana wakafa muzvivi nemukudarika, wadii kurarama? Unogarirei uri murufu? Sei...wakawanei nekuramba uchigara murufu? Wadii kuuya kuupenyu? Wadii kugara naYe nhasi? uye netariro iyi huru yakaropafadzwa, yokuti kunyange rufu pacharwo, rwuchipatsanura kubva kune vadikanwi venyu, harwugoni kusvibisa kana kukanganisa kana kutora chero chinhu chichibva?

Itariro yakakomborerwa zvakadini. Chinhu chinoshamisa kwazvo chatinacho nhasi, nokuda kwerumuko rwaKe. Uye Anorarama, uye tinorarama pamwe naYe, uye rimwe zuva

Achauya, uye tichaenda naYe. Nokuti, akati, “Endai munoudza vadzidzi vangu naPetro kuti ndichatungamira mberi kwavo kuGarirea.”

⁹ Anogara achienda mberi kwehu achigadzira nzira. Apo pasina nzira, Akati, “Ndini Nzira. Ndini Rumuko, Ndini Hupenyu.” Uye dai, nhasi, sezvataungana pano nhasi... MunuMuda here?

Anorarama, Anorarama, Kristu Jesu
anorarama nhasi!

Anofamba neni, Anotaura neni, munzira nhete
yehupenyu.

Anorarama, Anorarama, kupa ruponiso!

Unondibvunza kuti ndinoziva sei kuti
Anorarama;

Anorarama mukati memoyo wangu.

¹⁰ Hazvishamisi here izvi? Vangani vane tariro iyi yakaropafadzwa mangwanani ano, mungasimudza ruoko rwenyu here? Chokwadi. Pane mumwe here pano asina tariro yacho, angati, “Hama Muparidzi, mangwanani ano, imi muungano ino, ndichiziva kuti ndakaungana pamwe nemi pano pamangwanani erumuko, asi zvakadaro, hamuna Hupenyu husingafi hwakazorora mukati mangu, uye iyi tariro haimo muchipfuva changu. Ndinoda kuti imi mose mundirangarirewo nhasi mumunamato kuti urwu ruwe rumuko mandiri, kuti mweya wangu uchamutswa mutariro iyi inoshamisa ndichiziva kuti rimwe zuva ndinofanira kutsamira piro murufu uye ndinofanira kuvigwa kumakuva pane imwe nzvimbo, mumakuva, kana kunze mugungwa, kana kupi zvako kungawira mujenya wangu; asi ndinoda kuva netariro iyoyo. Ndinosisimudza ruoko rwangu ndichikumbira kuti mundinamatire”? Aripo munhu here? Ungasimudza ruoko rwako here uyo asina...? Ndinodaira kuti imi mose muri Makristu zvino. Izvi zvakaisvonaka. Ngati...

¹¹ Ndinotenda nhasi, mushure mekudzoka, kudzoka, Ndinotenda kuti Mwari Samasimba vachatumira Ishe Jesu pano papuratifomu nhasi, uye vogoratidza kwamuri pasina mumvuri wokupokana kuti Jesu mupenyu uye ari pakati pevanhu nhasi. Amen. Ndinoziva kuti Ari ipo pano zvino. Amen. Ari pano. Anorarama. TinoMuona. Isu... Akati kuna Tomasi, “Wakakura sei mubairo weavo vasina kumboNdiona asi vachigona kutenda.” Amen. Anoshamisa.

¹² Zvino, ngatiimbei urwu. Tipeiwo kodhi, Hanzvadzi Gertie, pane rwuya, *Anorarama*. Ndinoda kunzwa kuimba ikoko mangwanani ano. Oo, tinoona kusuwa uye nekushingaira uye nemubhadharo wacho kuti waiva wakaita sei, asi zvino, chingofungai, zvose zvakapera. Hareruya. Chiedza chezuva chasvika. Shiori yapera. Hadhesi hapachisina. Rufu nderwe

hubati. Rima rose ranyangadika. Isu tinorarama. Ameni. Isu tinorarama uye naIye anorarama. Anorarama, uye isu tinogara maari. Ameni. Tose pamwe chete zvino:

Anorarama, Anorarama, Kristu Jesu
 anorarama nhasi!
 Uye Anofamba neni uye Anotaura neni
 munzira nhete yehupenyu.
 Anorarama, Anorarama, kupa ruponiso!
 Unobvunza . . . ndinoziva sei . . . (Handei tione.)
 Anorarama mukati memoyo wangu.

Munhu wese, neruzha sezvaunokwanisa zvino.

Anorarama, Anorarama, Kristu Jesu
 anorarama nhasi!
 Uye Anofamba neni, Anotaura neni munzira
 nhete yehupenyu.
 Anorarama, Anorarama, kupa ruponiso!
 Unondibvunza kuti ndinoziva sei Iye . . .
 (Simudza ruoko rwako zvino.)
 Anorarama mukati memoyo wangu.

¹³ Gwinhana chishanu nemunhu akagara padivi pako woti, “Rumbidzai Ishe.” Imi mose muri Makristu. Uri mugari wemunyika pamwe neni. Oo, ini zvangu. Izvozvo hazvikuiti kuti unzwe zvakanaka here? Zvekare zvose zvakanganwikwa, zvese zvapera. Ndiani akazviita? Anorarama, Akazviita. Ndiani akaita? Kristu. Ngatichiimbei zvakare, zvino, nenzwi redu repamusoro-soro.

Anorarama, Anorarama, Kristu Jesu
 anorarama nhasi! (Kutya kwese kwaenda!)
 . . . pamwe neni uye Anotaura neni munzira
 nhete yeupenyu.
 Anorarama, Anorarama, kupa ruponiso!
 Unondibvunza kuti ndinoziva sei . . . (Bakai
 zvino.)
 Anorarama mukati memoyo wangu.

¹⁴ Oo, ini zvangu. Hazvina kunaka here? Neimwe nzira, imwewo, izvozvo zvingori nekamwe kamuririro kakatsaurwa kwandiri mangwanani ano. Mazwi enyu mese achisangana pamwe chete, zvinonzwika zvakaisvonaka kwazvo. Mazvicherechedza here? Zviri kungoita sekuti zviri kunyatsobva pakadzika pemoyo wenyu.

¹⁵ Kufunganya kwezvekare kwaenda zvino. Rumuko rwaratidzwa. Jesu akamuka kubva kuvakafa, uye Anorarama, uye ndinorarama naYe. Ameni. Anozviratidza kwatiri, uye anotaura nesu munzira; anotiratidza zviratidzo, zvinhu zvapakfuura, nezvinhu zvichauya. Anoporesa zvirwere zvedu uye Anotipa mufaro. Anotipa rugare. Uye kana rufu rwakatarisa pachiso, tinodanidzira, “Handizoty! zvakaipa, nokuti iMi

muneni.” Ndinozvida kwazvo! “Oo, rufu, rumborera rwako rwuripi? Guva, kukunda kwako kuripi? Ndiri kuenda ndichibva pane kukunda ndichienda pane kumwe kukunda.” Rufu kukunda here? Zvirokwazvo, rufu kukunda. Ameni. Rufu kukunda zvino, kwete kusuwa. Kuri, zvakanaka, kukunda. Ameni. Ndine. . .


¹⁶ Pauro akati, “Ndichisiya zvinhu izvozvo shure, ndinoshingaira ndakananga kunharidzano yekudanwa kwepamusoro.” Ameni. Pavaigadzirira kuti vagure musoro wake, ndokugura musoro ikoko kuRoma, akati, “Ndakarwa kurwa kwakanaka, ndapedza rwendo, ndakachengeta Kutenda: Kubva zvino ndakachengeterwa ko—korona yokururama, Ishe, Mutongi akarurama, achandipa pakuonekwa kwaKe: kwete ini ndoga, asi naavo vose vanoda kuonekwa kwaKe.”

¹⁷ Munoda kuMuona achiuya nhasi? [Ungano inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Mungada kuMuona here? Uye kana tasangana naYe murugare, ingofungai, takamira ipapo, mitumbi yekare yakashata iyi. Zvimwe. . .vangave vari vadiki uye vazere nehudiki, asi vachazochembera. Bvudzi rachena uye. . .uye mazino apera, uye maziso asisanyatsooni, mapendequete adonha. Asi seri kwechidzitiro ichi pano, pamire murume mutsva. Kana tabhenakeri ino yevhu yaparadzwa, tinopinda zvirokwazvo mune mutsva wacho, *sekudai*. [Hama Branham vanoridza minwe yavo—Mupepeti] Chokwadi. Nokuti, Anorarama; tinoraramawo, zvakare. Uye tinorarama mutariro iyi yakaropafadzwa.

¹⁸ Dai Aikwanisa kutora zviso zvedu mangwanani ano, odhonzera chidzitiro kumashure otiratidza, kunenge kuisiri kutenda, ipapo. Tinongozvitenda iye zvino. Uye tinonzwa, kubva kune imwe Nyika, maungira eKubwinya achifamba achidzokera mumweya yedu, achiratidza, “Ichokwadi! Ichokwadi! Shingaira kunharidzano yekudanwa kwepamusoro!” Inguva inofadza zvakadini! Ameni. Oo, Iye ndewe chokwadi!

¹⁹ Zvino, shamwari, yave kutova nguva yekuti shumiro dzichivharwa. Uye tinoda kuti muwane kudya kwenyu kwemangwanani, modzoka iko zvino kuitira—kuitira kuenderera mberi kweshumiro. Ndarova ndichitenderera mumiganhu yayo nhasi, ndicha. . .uye ndorova rumuko. Asi mangwanani ano, mukati memaawa mashoma; ndiri kuda kuenda kumba ndinozvivharira kuti ndinamate zvino, nokuti ndi—ndinonamata kuti Mwari vatipe mutsara chaiwo, chaiwo wekunamatirwa nhasi. Uye—uye zvadaro ndinoda kuparidza, mushure mechinguva, angangoita maawa mashoma kubva zvino, pamusoro pekukwira kudenga, zvaAkaita paAkakwira kumusoro. Tinoona zvaAkaita pano nemutengo, zvino tinoda kuona zvaAkaita paAkakwira kumusoro, uye zvakaitwa naMwari kubudikidza naYe, uye nezvaAri nhasi.

²⁰ Dai Ishe vakuropafadzai, ndiwo munamoto wangu. Munhu wese ari kunzwa rumuko? Uri kunzwa rumuko mumwoyo mako here?

²¹ Zvakanaka. Ngatikotamisei misoro yedu kuti tinamate. Hama Neville, handizivi kuti mungativharira, neshoko remunamoto, kana muchikwanisa, takakotamisa misoro yedu. Mwari vakuropafadzei, hama. 

KUBUDA KWEZUVA PAESTA SHO56-0401s
(Easter Sunrise)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu pakubuda kwezuva paSvondo yeEsta, Kubvumbi 1, 1956, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org